

Life don beta...

EPISODE 13

Characters

Akugbe

Efe

Edogun

Grace

Isoken

Elvis

Ngozi

Scene 1

Inside the Police Station.

1. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE**
2. **SFX :** **SOUND OF POLICE RADIO**
3. **EFE:** Good morning Officer
4. **POLICE:** Good morning Madam, how I fit help you?
5. **EFE:** I come bail my sister Akugbe. I hear sey she dey dis police station
6. **POLICE:** Wetin be your name?
7. **EFE:** Efe sir. My name na Efe. I be Akugbe sister. The girl you arrest last night
8. **POLICE:** Oh! The girl wey dey with de man wey collapse last night?
9. **EFE:** Yes. Dat na wetin I hear.
10. **POLICE:** Your sister dey very lucky oh, madam Efe
11. **EFE:** How sir?

- 12.**POLICE:** She lucky sey de old man no die. Na im take im mouth talk sey she dey innocent and dat na de only reason why we gree make you bail am.
- 13.**EFE:** Officer I dey very confuse now, I no sabi how Akugbe take enter dis kind life.
- 14.**POLICE:** All dis young girls of nowadays, dem get plenty wahala.
- 15.**EFE:** I wonder de kin tin wey push am enter dat kin useless behaviour.
- 16.**POLICE:** Madam you need to advice your sister make she stop all dis behavior because she fit no get dis kin luck next time. Imagine wetin for happen if to sey dat man die. Na life prison be dat!
- 17.**EFE:** God forbid!
- 18.**POLICE:** Eheh ehen, so make you advise am make e stop now before she enter serious trouble.
- 19.**EFE:** How de man body dey now?
- 20.**POLICE:** Im doctor tell us de man get heart problem before. Now e dey for hospital de take treatment and im family dey wit am.
(**CALLS OUT**) Sergeant, bring dat girl come.
- 21.**EFE:** Thank you officer as you gree make we bail am... I dey greatful as you take help us and I go try talk sense to Akugbe immediately we reach house.
- 22.**SFX:** **SOUND OF SHUFFLING FEET**
- 23.**EFE:** (**HAPPILY**) Akugbe!
- 24.**AKUGBE:** (**HAPPY BUT SCARED**) Sister! Sister Efe
- 25.**POLICE:** Hey you... Move forward ...sign this!

- 26.**AKUGBE:** **(SCARED)**Sister Efe! Thank God sey you dey here; I don fear sey you no go show.
- 27.**EFE:** **(ANGRY)** I wish sey I get mind allow make you stay here tey small. Na wich time you become like dis? Girl wey dey sell her body for money.
- 28.**AKUGBE:** I dey sorry Sister Efe!
- 29.**EFE:** You beta dey sorry because wen we reach house, everybody go hear dis one.
- 30.**AKUGBE:** Ah! Abeg sister I go change. I promise sey I no go ever cause trouble again Sister Efe.
- 31.**EFE:** Wetin you dey tink sef! For dis your age, you dey flirt wit old men, men wey don old reach to be your papa...ha! Akugbe!
- 32.**AKUGBE:** Idey truly sorry Sister!
- 33.**EFE:** So all dis time wey you sey you dey do housegirl work for GRA na runs girl you dey do! De whole world go hear dis one o.
- 34.**SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 2***Edogun's residence in the evening***

35. **SFX:** **DOOR OPENS ON MIC**

36. **EDOGUN:** Welcome my dear. How your day?

37. **GRACE:** **(YAWNING ALOUD)** I don tire and I hungry. Though market beta today pass yestaday.

38. **EDOGUN:** Dat na good news. I cook rice and stew, e dey kitchen. Go baf make you come chop so you go fit rest.

39. **GRACE:** You do well my dear, You be good husband.

40. **EDOGUN:** Dat na small tin my dear, na de only tin wey I fit do as I no get work.

41. **GRACE:** No talk like Edogun, I no sey you try wellwell to get work and I no sey you go soon make am.

42. **EDOGUN:** Thanks you as you take believe in me.

43. **GRACE:** Our marriage na for beta for worse and togeda we go win for any situation we dey. I no sey very soon God go give you work and everybody go happy again.

44. **EDOGUN:** I just wish sey I fit take care of you and de children as I suppose. Ehen ehen, you don talk to Desmond on top de work wey e say e go give me?

45. **GRACE:** **(SIGHS ALOUD)** I ask am but wetin e dey talk be sey work neva dey.

46. **EDOGUN:** I no understand why e no wan find me work for dat company. You sure sey e go give me de work even if vacancy dey?

- 47.**GRACE:** Make we dey patient wit Desmond, afterall e still dey give us market for credit. I just believe sey space no dey now, remember sey n aim help Isoken get work.
- 48.**EDOGUN:** **(RELUCTANTLY)**Na true you talk my dear... but sometime I just dey wonder weda Desmond dey give de goods from im church mind or e get anoda tin for mind about you?
- 49.**GRACE:** **(ANGRY)** Edogun!Wetin you come dey talk now? And how dat kin tin take enter your mind sef?
- 50.**EDOGUN:** Ehen...E get some kin tins wey I don hear about dat Desmond sey e like woman wellwell weda na single o or de one wey don marry.
- 51.**GRACE:** **(CALMLY)**You trust me so?
- 52.**EDOGUN:** You know sey I trust you. But na dat Desmond I no trust. I wan make you dey careful wit am. If try follow you talk any nonsense, I go kill am.
- 53.**GRACE:** Ino happy sey you no believe in me since all dis years.
- 54.**EDOGUN:** **(APPOLOGETIC)** Hey! My love no take am like dat now, na my property I dey try protect abeg. Come make I hold you small.
- 55.**GRACE:** Leave me joor...I say make you leave me I don tire and I waan go baf now.
- 56.**EDOGUN:** Why e be sey every time wey I wan touch you na de same tin you dey talk. Abi I no be your husband again?
- 57.**SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 3

Pullen's house.

58.SFX:

**SOUND OF DOOR CLOSING GENTLY. FOLLOWED
BY HEELS STEPPING GENTLY**

59.EFE:

Akugbe!

60.AKUGBE:

(SHOCKED)Sister Efe!

61.EFE:

Akugbe!Na were you dey come from by dis time?

62.AKUGBE:

(STUTTERS) I ... I go visit my friend .

63.EFE:

Na your friend you go visit we you open ypur body like dis abi?
If na your friend you go visit tru tru, why you enter house like
tief so?

64.AKUGBE:

I.. I...

65.EFE:

Akugbe, wich time you go change? You wan kill yourself?
Shey you see dis kin life wey you dey live,e go scatter for your
face one day one day.

66.AKUGBE:

Aunty no vex...Na my friend I go visit, I no know sey I go tey
like dis.

67.EFE:

E be like sey you neva learn your lesson. I gree sey I no go tell
my husband and everybody de kin job wey you dey do and sey
police arrest you because you promise sey you no go do am
again but I see sey you still dey do am.

68.AKUGBE:

(STAMMERING)Sister Abeg,...no tell your husband I beg
you. I go change ,true to God. No tell anybody.

69.EFE:

Akugbe remember sey last time,dem almost imprison you for
manslaughter if no be God. Abi you wan go prison?

70.AKUGBE:

No vex Aunty, I promise sey I go stop.

71.**EFE:** We no even talk all de bad bad disease dem wey you fit carry.
You wan die?

72.**AKUGBE:** Sister, I promise. No vex ,Abeg.

73.**EFE:** Abeg stop. Dis no de firsttime wey you go de promise.

74.**SFX:** **BRIDGE MUSIC**

SCENE 4
Isoken's shop

- 75.SFX: **SOUND OF CAR STOPING TO A HALT. CAR DOOR OPENS AND CLOSES. FOOTSTEPS APPROACHING MIC**
- 76.SFX: **PHONE RINGS.**
- 77.ELVIS: **(ON MIC)** Hello, hello. Yes, Tina I dey sorry I no go fit come your batday party. I dey travel tomorrow morning ,I get one bizness. **(ELVIS PAUSES)**hold on, make I buy credit.
- 78.ELVIS: Abeg, Young girl, load credit N1,500 for my phone.
- 79.ISOKEN: Ok sir, abeg I dey come.
- 80.ELVIS: Do quick I dey hurry. **(TALKING INTO THE PHONE)** Tina no worry, I go send de money to your account tomorrow. **(EXASPERATED)** I don hear o, I go send am today.
- 81.ISOKEN: See am sir, I don load am.
- 82.ELVIS: Ok thank you! Take your money.
- 83.SFX: **FOOTSTEPS WALKING AWAY. CAR DOOR OPENS AND CLOSES**
- 84.ISOKEN: **(EXCLAIMS IN SURPRISE)** Oh God! Dis man don forget im bag for here. **(SHOUTING)**Oga! Oga!! You don forget your....
- 85.SFX: **(SOUND OF CAR ZOOMING OFF)**
- 86.NGOZI: **(HAILING)**Isoken! Isoken!! How bodi?
- 87.ISOKEN: **(HAPPILY AND APOLOGETIC)** Ha! Welcome Ngo,No vex sey I neva come visit you since I commot for my papa house.
- 88.NGOZI: **(AMUSED)** No wahala my dear I know sey tins no easy for you.

- 89.**ISOKEN:** So...Wetin make I give you malt abi mineral?
- 90.**NGOZI:** Water dey ok.
- 91.**SFX:** **SOUND OF BABY CRYING ON MIC**
- 92.**ISOKEN:** Small pikin why you dey cry? Ngo see your wata der.
- 93.**SFX:** **SOUND OF WATER POURING INTO A GLASS AS NGOZI DRINKS WATER**
- 94.**NGOZI:** You do well.
- 95.**SFX:** **SOUND OF BABY CRYING AGAIN**
- 96.**ISOKEN:** E dey hungry abi im troat dry, Make I pour water for am?
- 97.**NGOZI:** Noo...Na only breast I dey give my baby. E be like sey e wan suck.
- 98.**ISOKEN:** You mean sey na only breast milk you baby dey suck?
- 99.**NGOZI:** Yes o. Dem tell us for de get it togeda center sey breastmilk alone dey important for our baby dem.Dem call am exclusive breastfeeding. Since I born dis my beautiful angel, na breastmilk alone I dey give am.
100. **ISOKEN:** So your baby no go drink wata at all?
101. **NGOZI:** If she drink water, e no be exclusive again. E mean sey I go nid to choose anoda family planning metod quick quick.
102. **ISOKEN:** How long you wan take do dis exclusive?
103. **NGOZI:** Na six months I plan to do am if everytin work well.
104. **ISOKEN:** No wonder e strong wellwell. How your husband?

105. **NGOZI:** E dey shop. Innocent no wan make I start to dey go shop yet, but I dey tell am sey I don strong wellwell.
106. **ISOKEN:** I tink e just no just wan make anytin happen to you and im pikin at all at all. I jealous dis una love o... wit de way wey una dey go, I no go surprise if na twins una go born next.
107. **NGOZI:** **(LAUGHING HEARTILY)**Isoken! For where, dat one no go soon o. Me Innocent don conclude sey we no born anoda pikin until our angel don grow small.
108. **ISOKEN:** **(SERIOUS)** Why now,But una still young, una dey healthy and una still dey lovi lovi.
109. **NGOZI:** Isoken e dey important make husband and wife dey plan wen dem marry and na wen dem give dem children gap dem go fit plan well. E dey allow de woman get her body and de pikin sef go strong and dey healthy, infact dat na why I don talk sey I go go de GIT center next month go do my implant.
110. **ISOKEN:** Ok o Ngo dat na good idea as long as e give una de opportunity to stay happy and dey lovie lovie dey go. So gist me, wetin dey happen for house?
111. **NGOZI:** **(SIGHING)** Hmmm...I hear sey Akugbe don commot for im work and e don go back house, house no be de same since you commot but I tank God sey you don commot for dat witch, Efe hand.
112. **ISOKEN:** **(EXCLAIMS)** Ha ha! Ngo
113. **NGOZI:** Ehen nah ... **(LAUGHING)** so tell why dey shout why you shout dat time wey I dey come?
114. **ISOKEN:** **(SIGHS)**One man come buy credit for here, na so e leave im bag go.
115. **NGOZI:** De man dey careless, so wetin you go do now?

116. **ISOKEN:** I no know o, dis na de first time wey e go buy card for my hand.
117. **NGOZI:** **(THINKING)** Hmmm...why you look inside de make weda you go see sometin wey go help you find de careless man.
118. **ISOKEN:** **(EXHALE EXCITEDLY)** Dat na good idea Ngo, na wetin I go do be dat.
119. **SFX:** **SOUND OF PURSE ZIP BEING OPENED**
120. **NGOZI:** **(EXCLAIMS ALOUD)** Holy Mother of God! Wich kin tin be dis?
121. **ISOKEN:** **(SURPRISED AND SHOCKED)** I ...E be like sey money dey de bag...I mean plenty Dollar and Pounds.
122. **NGOZI:** Na wetin I dey see be dat, I neva see dis kin plenty money for dis my life Isoken.Im passport and some document dey de bag sef.
123. **ISOKEN:** Na so o.
124. **NGOZI:** So wetin you do wit all dis money? E be like sey God don butter your bread. Dis one fit be wetin go commot you for poverty for life. Wit dis kin money you don make and you go even get beta education sef.
125. **ISOKEN:** No be like dat Ngo. De tins wey dey dis bag no be my own I no fit claim am. I don see small address book for de bag and e be like sey de owner dey live for GRA. E no far from here, I go try find am and I go return de bag give am.
126. **NGOZI:** If na so you talk Isoken, your heart pure and you good. Why you no wait for one week, if e no come look for im money,den you go know sey na so God wantake bless you.
127. **ISOKEN:** Dat na true o Ngo. If e no come back, den I go see wetin I go do. But I sure by dis time de owner go don dey saad sey e lost dis kin plenty money.

128. **NGOZI:** Well...do wetin your conscience sey make you do.

129. **THEME MUSIC: UP AND FADES UNDER**